# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 जुलाई 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस भर में आजु वृहद पौधारोपण अभियान चलावल जा रहल हौ। एक दिन में पैंतीस करोड़ पौधा लगवले क लक्ष्य पूरा करे बदे सज्जो जिला में पौधरोपण कइल गइल। अभियान क सुरूआति मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर में लिंक एक्सप्रेस–वे पे एगो टोल प्लाजा के नगिच्चे नीबि, पीपर आ बरगद क पौधा लगा के कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला नौ बरिस में प्रदेस में भौतिक विकास के साथे वनाच्छादनों में बढ़ोत्तरी भइल हौ। पौधारोपण अभियान से जुड़ले क आवाहन करत श्री योगी कहलें कि ई महायज्ञ धरती माता के प्रति कृतज्ञ भइले क मौका हौ।

**धरती माता के बारे में भारतीय ऋषि का जो संकल्प रहा है वह रहा है माता भूमिः पुत्रोऽहं पृथिव्याः, यानी यह धरती हमारी माता है, हम सब इसके पुत्र हैं। एक पुत्र के रूप में अपने उत्तरदायित्व का निर्वहन करने के लिए आदरणीय प्रधानमंत्री जी ने हर भारतवासी से कहा कि हमारा राष्ट्रीय दायित्व भी है, आने वाली पीढ़ी को कैसा भविष्य देना चाहते हैं इस कृत राष्ट्रीय कर्तव्य मान करके भी हम सबको इस अभियान का हिस्सा बनना चाहिए।**

येही क्रम में मुख्यमंत्री रामगढ़ताल के किनारे रिंग रोडो पर 'एक पेड़ मां के नाम' अभियान के तहत पौधा लगवलें अउर सेल्फी लिहलें।

उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक लखनऊ के अटल बिहारी वाजपेई चिकित्सा विश्वविद्यालय में पौधा लगवलें। उहां के कुकरेल वनों में पौधा लगवलीं। येह मौका पर उहां के कहलीं कि–

***एक पेड़ माॅं के नाम एक महाभियान प्रारंभ हो चुका है। पूरे प्रदेश में पैंतीस करोड़ से अधिक वृक्ष लगाये जाने का निर्धारण माननीय मुख्यमंत्री जी ने किया है सुबह सात बजे से ही उत्साह के साथ सभी विभाग और पूरी पार्टी के कार्यकर्ता और आम जनमानस सब लोग सड़क से घर तक लगातार वृक्षारोपण अभियान को सफल बनाने में लगे हुए हैं।***

बनारस में राज्य मंत्री रविन्द्र जायसवाल, कानपुर देहात में प्रतिभा शुक्ला, कानपुर में कैबिनेट मंत्री राकेश सचान, देउरिया में कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही, कुशीनगर में ग्राम्य विकास राज्य मंत्री विजय लक्ष्मी गौतम, मऊ में कारागार मंत्री दारा सिंह चौहान अउर बस्ती में अल्पसंख्यक कल्याण राज्य मंत्री दानिश आजाद अंसारी पौधा लगा के येह अभियान क सुरूआति कइलें।

**********

कर्मचारी भविष्य निधि संगठन, ई.पी.एफ.ओ माफी योजना–2026 सुरू कइले हौ। एकरे तहत छूट वाला भविस्य निधि ट्रस्ट चलावे वाले प्रतिस्ठानन के आपन स्थिति नियमित कइले क एकमुस्त मौका दीहल गइल हौ। केन्द्रीय श्रम अउर रोजगार मंत्रालय बतवले हौ कि ई योजना छौ महिन्ना ले लागू रही। एकर फायदा ओह प्रतिस्ठानन के मिली, जे आयकर अधिनियम– 1961 के तहत मान्यता वाला भविस्य निधि ट्रस्ट चलावे लें। अइसन ट्रस्ट में कर्मचारी भविस्य निधि क देखरेखि सम्बन्धित प्रतिस्ठान अपने निजी ट्रस्ट के जरिया से करे ला।

***ईपीएफओ की यह एमनेस्टी योजना मान्यता प्राप्त भविष्य निधि ट्रस्ट चला रहे पात्र संस्थानों को नियमित करने का एक और अवसर प्रदान करती है। इस योजना के तहत वह अपने ट्रस्ट की स्थिति को पिछली तारीख से नियमित करा सकते हैं। इसका उद्देश्य ट्रस्टों को एक समान वैधानिक व्यवस्था के दायरे में लाना और सभी लागू कानूनी प्रावधानों के पालन को सुनिश्चित करना है। कर्मचारियों के लिए, यह योजना उनके नियोक्ता के भविष्य निधि ट्रस्ट की कानूनी स्थिति को लेकर अधिक स्पष्टता और भरोसा प्रदान करेगी। दीपेन्द्र कुमार की रिपोर्ट के साथ, अक्षित वैद्यान, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

योजना क फायदा लेवे बदे पात्र प्रतिस्ठानन के सम्बन्धित क्षेत्रीय कार्यालय में ई–मेल के जरिया से आवेदन करे के होई।

**********

अजोध्या में श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क तीनि दिवसीय बइठकी के तिसरका दिन्ने समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्रा बइठकी क खास फैसलन क जनकारी देत बतवलें कि बइठकी में रामकथा संग्रहालय अउर मंदिर निरमाण से जुड़ल कई खास फैसिला कइल गइल। उहां के बतवलीं कि संग्रहालय क सज्जो वीथिका क स्क्रिप्त तय कइ दीहल गइल हौ। संग्रहालय के बनवले पर तकरीब सौ करोड़ रूपिया खरचा भइले क अनुमान हौ।

**********

प्रदेस के तकरीबन सज्जों पूरबी जिला में पछिला दुई दिन्न से तेज बयार के बिच्चे रूकि–रूकि के बरख के सिलसिला जारी हौ। मौसम विभाग अगिल तीनि दिन ले अधिकत्तर जिला में गरज चमक के साथे हल्लुक से मधिमाहे बरखा अउर पूर्वी उत्तर प्रदेस के कुछु हिस्सा में भारी बरखा के अनुमान जतवले हौ। ओहर लगतारे हो रहल बरखा अउर बैराजन से पानी छोड़ले के चलते प्रदेस में कई गो नदी खतरा के निसान के नगीचे पहुंच गइल हौ। येह जिलन के परसासन के बाढ़ बचाव बदे तइयार रहले के कहल गइल हौ।

**********